



**OFFICE OF THE SUPERINTENDENT ~ CATHOLIC SCHOOL SUPPORT SERVICES**

ROMAN CATHOLIC DIOCESE OF BROOKLYN

310 PROSPECT PARK WEST

BROOKLYN, NEW YORK 11215

718-965-7300

FAX: 718-965-7353

Biwo Superentandan~Sevis Sipo Lekol Katolik  
Dyosez Katolik Romen Brooklyn  
310 Prospect Park West Brooklyn, NY 11225

Jen 2020

Paran e Gadyen Elev ki nan klass 8em

Gradyasyon ane sa-a pap menm jan sa te konn fet, men lap pote anpil souveni. Se youn gwo pa nan lavi pitit nou ye;ap genyen anpil bagay ti moun yo ap sonje,ap genyen selebrasyon , anpil fanmy ap rankontre. Lafwa nou ap rete fixe sou gradasyon e ap kontinye gide yo .

Paran jwe youn wol nan developman pitit yo e gradasyon sa ase youn moman pou nou fye de sa nou viv pandanane ki sot pase yo. Pandan ke n-ap prepare pou gradasyon pou Vandredi , 12 Jen 2020, tanpri banm youn ti chans pou-m pataje avek nou reflexzyon sa-a:

*Premye fwa ou te kenbe pitit ou nan bra ou, ou komanse ap panse pandan ane ane kap vini. Ou panse a spo, aktivite, lekol. E premye jou yo rantr nan jaden danfan,ou komanse ap panse nan ki wout yap pwan , kisa laveni genyen pou yo.*

*E menm le yo pase tout klass yozye nou toujou fixe sou" gwo jou " Gradyasyon san nou pa menm realize nan kelke jou lap rive. Kote tout ane sa yo pase pandan w-ap prepare pou ou" pitit ou" gradye? Nou kontan e nou fye de yo menm.*

*Chak elev genyen youn istwa pou yo rakonte . Wout yo te pwan pandan dizan pou yo rive nan point sa a. Tre souvan gen moman difisil, moman de reisit, zanmy yo fe, zanmy yo pedi. Pafwa genyen dout e la peu, balanse moman de konfidans e asirans, Kom paran, se pou nou kontinye ba yo sipo yo bezwen. Lycee ap tann!*

Li naturel pou nou panse a moman nou fe diskisyon sou dewa yo, ke pa kontan sou not avek stress sou pwoje denye minutes yo. Kounye a nou realize ke bagay sa yo pa nan memwa nou anko. E nou kontan retounen nan bagay ki simp" Paske mwen disa" ki pafwa envoke la peur. Pandan ke elev nou yoap gade kisa ki dvan yo e exite pou sa kap vini, nou menm kom paran ap mande sa sa vle di pou nou, paske wol nou chanje. Pandan denye 10 zan ki sot pase yo nou te an caj lavi pitit nou, nou planifye, bay sipo, bay swen, fe reparasyon e finanse, finans, finanse e kounye a tout bagay sa yo pwal

chanje. Nou gade avek etonman e nou mande tet nou " kote tout ane sa yo pase e nou realize yo se bagay pase yo yee nou genyen!!!  
( E nou fe experyans avek moman le nou konpare nou avek paran nou, nou sonje pwop gradyasyon pa nou.

Men kom jan li pase nan chak etap nou pase avek pitit nou yo, pou yo menm genyen youn nouvo endepandans pa yo, nou genyen youn nouvo endepandans pou nou. Kounyea le a rive pou nou esye tout bagay ke nou te mete sou kote. Kom nou te mete bezwen pitit nou yo an premye; kounye a se moman pou nou pwan tan pou nou menm.

Rantre nan Lycee ap pote lot chanjman. Pandan n-ap viv, toujo genyen chanjman e ajisteman nap tann , men renmen nou pou yo pap janm chanje, ni konesans, ni distans pap janm chanje.

Nou espere pandan ke yap avanse pi devan, yo toujou sonje ke nou renmen yo pou tout tan e tout tan yap viv yo rete " Ti bebe nou "

Lafwa ap gide nou menm ni yo menm tou.

Konpliman !  
nap toujou kontinye priye ni pou nou , ni pou pitit ni gradwe nan 2020

Seseman  
Thomas Chadzutko  
Thomas Chadzutko,Ed.D.  
Siperentandan-Sevis Sipo Lekol Katolik